

Office of the Superintendent
Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools
Broward County Public Schools
600 SE Third Avenue
Fort Lauderdale, FL 33301
phone: 754-321-2600 • fax: 754-321-2701
superintendent@browardschools.com
www.browardschools.com

**The School Board of
Broward County, Florida**

Debra Hixon, Chair
Sarah Leonardi, Vice Chair

Lori Alhadeff
Maura McCarthy Bulman
Brenda Fam, Esq.
Dr. Jeff Holness
Nora Rupert
Rebecca Thompson
Dr. Allen Zeman

Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools

17 janvyè 2025

Elèv, Fanmi, Anplwaye ak Kominote Broward County Public Schools,

Le Vandredi, 14 Fevriye, 2025, Lekòl Piblik Broward County ap obsève yon Jounen Sèvis ak Amou (A Day of Service and Love) pou onore memwa 17 moun ki te pèdi lavi yo yon fason trajik, epitou rekonèt tout moun ki te blese oswa sibi donmaj, le 14 Fevriye 2018, nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School. Ann kenbe moun sila vivan nan memwa nou epi pran angajman pap janm bliye:

Alyssa Alhadeff
Scott Beigel
Martin Duque Anguiano
Nicholas Dworet
Aaron Feis
Jaime Guttenberg
Christopher Hixon
Luke Hoyer
Cara Loughran
Gina Montalto
Joaquin Oliver
Alaina Petty
Meadow Pollack
Helena Ramsay
Alex Schachter
Carmen Schentrup
Peter Wang

Jou sa sèvi kòm yon rapèl pisan fòs, rezilyans ak konpasyon ki ini kominote nou. A 10:17 a.m., tapan, elèv ak anplwaye atravè Distri a ap poze epi fè yon moman silans pou onore memwa 17 viktim ki te pèdi lavi yo, ansanm ak tout moun trajedi sa afekte. Tout lekòl yo ap patisipe nan aktivite ak pwojè sèvis òganize pou repann jantiyès, devlope koneksyon ak afime eritaj andirans moun nou te pèdi.

Pou asiste paran, gadyen ak pèsònèl swayan, pale ak timoun yo sou trajedi sa epi ede elèv yo jere emosyon yo, divès resous Jou Sèvis ak Amou disponib sou sit entènèt: browardschools.com/serviceandlove. Vizite paj web la; wap jwenn bonjan konsèy sou fason abòde nan konvèsasyon kesyon dèy ak gerizon. Enfòmasyon sou sèvis sante mantal disponib pou tout moun ki bezwen li. Resous yo prepare pou sipòte byennèt emosyonèl manm tout kominote a nèt.

Jounen sa se pliske yon souvni trajedi a; se yon apèl alaksyon bati yon avni byen anrasine nan amou, jantiyès ak konpreyansyon. Kolabore ak ou trèz enpòtan; ansanm nap travay asire lekòl nou yo ofri anviwonman sekirite epi sipòtan pou elèv ak anplwaye nou yo.

Avèk yon refleksyon sensè,



Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools